


Jwenn asirans pou pwopriyete ka yon bagay difisil. FMAP rann sa pi fasil!



Plan Asistans Mache Floria (Florida Market Assistance Plan, FMAP)

FMAP an se yon sèvis referans an liy gratis e itil ke Lejislasyon Florida otorize pou konekte moun k ap chache asirans pou pwopriyete ansanm ak ajan epi asirè lisansye ki ofri kouvèti asirans nan Florida.

Si w ap chache kouvèti pou premye kay ou, pwochen kay ou oswa si ou senpman vle fè konparezon pri – FMAP ap ede ou jwenn asirans ou!

Enskripsyon an se bagay senp tankou 1-2-3:

- 1 Founi detay pwopriyete ou a ak enfòmasyon kontak ou.
- 2 Soumèt demann pri pou pwopriyete ou a.
- 3 Ajan yo pral kontakte ou pou diskite sou opsyon asirans ki genyen nan zòn ou a.

Kòmanse jodi a sou:
www.fmap.org



Kòmanse

Achte yon asirans ak jwenn yon ajan se bagay fasil. Pwofite de sèvis gratis ak fasil FMAP jodi a!

Pou enskri nan FMAP la, w ap bezwen kèk enfòmasyon de baz konsènan pwopriyete ou a. Ou ka jwenn plis enfòmasyon nan resous sila yo:

- Kontra asirans pwopriyete aktyèl oswa anvan an
- Evalasyon pri pwopriyete a
- Paj entènèt evalyatè pri pwopriyete lokal

Enfòmasyon w ap bezwen pou demann pri pwopriyete pou FMAP:

- Ane konstriksyon pwopriyete a
- Tip konstriksyon
- Kantite pye kare
- Dat dènye amelyorasyon nan:
 - Twati
 - Sistèm elektrisite
 - Sistèm HVAC
- Si li lokalize nan mwens ke 1,000 pye de yon dispozitif pou etèn dife
- Kantite plent pou asirans pwopriyete ou te prezante pandan twa dènye ane yo

Apre ou fin soumèt demann ou a, w ap resevwa yon imel konfirmasyon ansanm ak yon lyen ki mennen nan demann ou a. Lè ou itilize lyen an, w ap ka konsilte detay pwopriyete a, verifye nan ki eta demann ou a ye oswa fè kèk mizajou.